

REZO POU PEYE LWAYE KAY NAN ZÒN DED (HAND) LIBAY KOUT MEN POU MOUN KI PAKA PEYE LOYE ÈD DIJANS ESPESYAL PANDAN PWOBLEM COVID 19

Ki yes ki gen dwa mande èd sa?

1- Se yon moun ou byen yon fanmi ki ap viv nan lari kounyea (avèk prèv ki soti kot ekip kap okipe zafè bay kout men, ou byen kot pwogram pou moun kap viv nan lari, ou swa moun ki ap sibi violans lakay yo), ou byen

2- Se yon moun ou swa yon fanmi ki ap viv lakay yo kounyea, men ki riske al viv nan lari men (fok yo gen prèv yon jijman tribinal, ou swa yon lèt kote pwopriyetè a avèti yo pou yo kite kay la) ki fè yo bezwen èd pandan yon ti tan pou yo ka peye lwaye ou swa bil kouran ak dlo de fason pou yo evite al viv nan lari, EPI

3- Kòb tout moun ansanm nan kay la ap touche pa mwa, dwe menm valè ou swa pi piti pase 50% de sa tout lòt moun nan zòn nan ap touché an moyèn (AMI), EPI

4- Kòb lwaye kay la dwe poul menm valè ou swa pi piti pase 120% kob lwaye moun nan zòn MiamiDed dwe peye, selon barèm abodab ki fixe pou zòn nan(FMR), dapre règleman DEPATMAN AMÉRIKEN POU ZAFÈ LOJMAN AK DEVLOPMAN VIL YO (HUD)

MOUN KI NAN KAY LA:T	POU ZÒN MIAMI-DED 50% DE KÒB MOUN TOUCHE AK LWAYE YO SIPOZE PEYE SELON							
	1	2	3	4	5	6	7	8
KÒB YO FOUCHE PA MWA	\$2,666.67	\$3,050.00	\$3,429.17	\$3,808.33	\$4,116.67	\$4,420.83	\$4,725.00	\$5,029.17
KÒB YO TOUCHE AN LANÉ	\$32,000	\$36,600	\$41,150	\$45,700	\$49,400	\$53,050	\$56,700	\$60,350

Ki kalité èd ou ka jwen?

Èd pou péyé lwayé, pou péyé kouran ak dlo, pou péyé mwa davans , pou fè depans bwoté ak retire zafew nan storaj

Ki jan ou ka apliké?

Alé sou: WWW.miamidaderenthelphelp.com: Moun ki pa gen mwayen pou yo kominike ni an direk ni sou konpyutè ka toujou rélé Sevis pou moun ki nan lari (Homeless Helpline) ou swa Pwogram HAND nan nimewo 305-231-7667

GWOSE KAY LA	ESTIDIO/ 1 PYES KAY	POU ZÒN MIAMI-DED 120% HUD LWAYE KI ABODAB SELON GWOSE KAY LA			
		1	2	3	4
KOURAN AK DLO CONTE LADAN	\$1,300.80	\$1,542.00	\$1,950.00	\$2,596.80	\$3,145.20
KOURAN AK DLO PA CONTE	\$1,216.90	\$1,432.00	\$1,800.00	\$2,332.80	\$2,824.20

Kondisyon pou pwogram HAND edew peye lwaye kay pandan COVID 19 la

- 1- Ce Pwopriyetè apatman ou swa motel, ki gen papyè kay li nan menl ki kalifyefye pou pwogram sa. Li pa grn dwa lwe yon piès kay, (èd pou péyé mògej pa ladanl) Fòk propriyetè kayla ce rele pa ni CITRUS, ni Miami-Dade, ni Ajans kap ede locatè a.
- 2- Fòk apatman yo pa sou contròl ni Section 8, ni Shelter Plus Care, ni Public Housing, ni VASH (Èd pou péyé loye veteran lame), ni oken lot pwogram èd leta.
- 3- Pri Loye a pa dwe ekzajere (fok li menm valè ou swa pi piti pase FMR ke nou te montre avan)
- 4- Pri loye a dwe mezi lajan tout locatè yo met ansanm ap touche, oswa yo ka vin touche an apre
- 5- Kay yap lwe moun kap mande èd la fet pou nan yon eta abitab dapre yon prèv ki baze sou :
 - a. Yon premye kou dèy, ouswa yon sètifika , ou swa yon pemi , yon enfòmasyon sou konpyoutè ki montre pa gen oken move zafè , epi tou :
 - b. Yon enspeksyon kay la o konplè.
 - c. Yon enspeksyon espesyal ki bay prev ke kay la pa pentire ak penti ki gen plon ladanl, si zanka gen ti moun ki gen laj pi piti pase 6 zan ki pral rete ladanl

Men Dokiman locatè yo dwe remèt:

- 1- Prèv yo pa gen lot kote pou yo viv (tankou rekomandasyon travsyè sosyal , oswa pwogram sipò pou moun ki nan lari). Ou byen
- 2- Prèv yo riske al viv nan lari paske (swa yo te resevwa yon lod tribinal, ou swa yon lèt pwopriyetè kay la ki avèti li pral mete yo deyò).
- 3- Kopi fakti kouran ak dlo, anka yo ta bezwen èd pou peye sa yo (ki pa dwe depase \$1,000.00)
- 4- Prèv lajan tout moun nan kay la touche, tankou kopi shek, kont depo la bank, oswa nenpòt ki dokiman ki montre valè lajan lokatè yo te touche pandan 30 jou ki sot pase yo.
- 5- Kopi kat idantite tankou lisans chofè
- 6- Kopi kontra loye ki sou non moun kap mande èd la. Kopi sa dwe gen siyati ni moun sa, ni pwopriyetè kay la.
- 7- Moun ki reskonsab lwe kay la dwe bay non tout moun ki pral abite ladanl, ak adrès plis nimewo pwopriyetè kay la.

www.miamidaderenthelp.com

(Oka ou ta bezwen yon mwayen espesyal pou kominike, tanpri pran chèchè pran kontak ak ADA ki se yon nan koòdinatè pwogram nan. Nimewo telefòn ni se :

305-231-7667

